# 2021-jıldıń ótken 9 ayında Qaraqalpaqstan Respublikasın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw juwmaqları dodalandı

Búgin Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesinde 2021-jıldıń ótken 9 ayında Qaraqalpaqstan Respublikasın sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw juwmaqları hám 2021-jılǵa arnalǵan áhmiyetli jónelisler, baslı wazıypalardıń ámelge asırılıwın támiynlew is-ilajlarına arnalǵan videoselektor tárizindegi jıynalıs bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Onda jıl juwmaǵına shekem belgilengen baslı wazıypalar hám maqsetli kórsetkishlerge erisiw ushın qosımsha rezervlerdi baǵdardaw, isbilermenlikti rawajlandırıw hám xalıqtıń bántligin támiynlew boyınsha ámelge asırılǵan jumıslardıń nátiyjeliligin arttırıw, investiciyalardı tartıw hámde eksport potencialın keńeytiw boyınsha tarmaqlar hám aymaqlar basshılarınıń juwapkershiligi, awıl xojalıǵın rawajlandırıwda maqsetli kórsetkishlerdiń orınlanıwı hám azıq-awqat ónimleriniń qáwipsizligin támiynlew, sonday-aq, zamanagóy suw tejewshi texnologiyalardı engiziwdi keńeytiw máseleleri sóz etildi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Ilajda sonday-aq, 2021-jılda sociallıq taraw obektleriniń paydalanıwǵa tapsırılıwın támiynlew, injenerlik-kommunikaciya hám jol-transport infrastrukturasın rawajlandırıw baǵdarlamalarınıń orınlanıwı boyınsha kórilip atırǵan is-ilajlar keńnen talqılandı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti